**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogika institutı 2025-jıl ushın 03.00.06 – «Zoologiya» qánigeligi boyınsha stajyor-izleniwshilikke qabıllaw komissiyası májilisiniń**

**№ 3 PROTOKOLÍ**

**Nókis qalası:** **26-noyabr 2024-jıl**

**Qatnasqanlar**: Ájiniyaz atındaǵı NMPI Ilimiy isler hám innovaciyalar boyınsha prorektor doc. R.Eshmuratov; komissiya baslıǵı, b.i.f.d. (PhD) doc. A.Berdibaev; komissiya aǵzası b.i.d. (DSc) prof. w.a., A.Saparov; b.i.f.d. (PhD) doc. M.Tadjibaeva; xatker p.i.f.d. (PhD) doc. w.a., A.Turekeeva hám talabanlar A.Ibraymova, F.Arepbaeva.

**Kun tártibinde:**

1. Ájiniyaz atındaǵı Nokis mámleketlik pedagogika institutına 2025-jıl ushın 03.00.06 – «Zoologiya» qánigeligi boyınsha stajyor-izleniwshilikke óz hújjetleren tapsırǵan talabanlardı stajyor-izleniwshilikke qabıllaw ushın sáwbet.

**Bildiriw:** Ájiniyaz atındaǵı NMPI Ilimiy isler hám innovaciyalar boyınsha prorektor R.Eshmuratov, 2025-jıl ushın 03.00.06 – «Zoologiya» qánigeligi boyınsha stajyor-izleniwshilikke hujjetlerin tapsırǵan talabanlar A.Ibraymova, B.Sultanov, P.Mamutova, F.Arepbaevalar bolıp, olardan B.Sultanov, P.Mamutovalar ózleriniń arzası tiykarında sawbetke qatnaspaytuǵınlıǵın hámde A.Ibraymova, F.Arepbaevalar menen «Sáwbet» tiykarında tańlaw ótkeriliwin atap ótdi hám talabanlarǵa áwmet tilep aldaǵı jumıslarına tabıslar tiledi. Usı baǵdar boyınsha tańlawǵa bekitilgen komissiya quramı aǵzalarınan: komissiya baslıǵı b.i.f.d. (PhD) doc. A.Berdibaev; komissiya aǵzası b.i.d. (DSc) prof. w.a., A.Saparov; b.i.f.d. (PhD) doc. M.Tadjibaeva; xatker p.i.f.d. (PhD) doc. w.a., A.Turekeeva tańlawda qatnasıp atırǵanlıǵın málim etip talabanlarǵa olardı tanıstırıp ótti. Komissiya aǵzalarına dóretiwshilik qabiliyetine iye, ilimli hám ılayıqlı talabandı tańlap alatuǵınlıǵına isenim bildirdi.

**Shıǵıp sóyledi:** Komissiya baslıǵı, b.i.f.d. (PhD) doc. A.Berdibaev tańlawǵa qatnasıp atırǵan talabanlarǵa sáwbetlesiw qaǵıydaları hám tártipleri haqqında maǵlıwmat berdi hám áwmetler tiledi. Sońınan b.i.f.d. (PhD) doc. A.Berdibaev; komissiya aǵzası b.i.d. (DSc) prof. w.a., A.Saparov; b.i.f.d. (PhD) doc. M.Tadjibaevalar zoologiya ilimindegi teorialıq máseleler, zoologiya iliminiń úyreniw tariyxı, áhmiyetli mashqalaları, zoologiya baǵdarın úyreniw usılları, zoologiya baǵdarındaǵı jetiskenlikler hám kemshilikler, zoologiya pániniń bólimleri hám Qaraqalpaqstanlı zoolog alımlar hám olardıń ilimiy miynetleri,

sonday-aq zoologiya iliminiń aldaǵı úyrenetuǵın másele hám mashqalaları boyınsha sáwbet bolıp ótti. Talabanlar menen jeke sáwbet alıp barıldı.

1. Ibraymova Ayzada Keulimjay qızı berilgen sorawlarǵa qısqasha juwap bergenligin, ilimiy-teoriayalıq pikirlerin anıq jetkere almaǵanlıǵın hám aldına ele anıq bir ilimiy baǵdar tańlamaǵanlıǵın hám maqset qoymaǵanlıǵın, qosımsha sorawlarǵa mısallar menen dálillep bere almaǵanlıǵı atap ótildi.

2. Arepbaeva Feruza Arepbaevna berilgen sorawlarǵa jaqsı juwap berilgenligi, ilimiy-teoriyalıq pikirlerin anıq jetkerip bergenligi, onı mısallar arqalı dálillep bere alǵanlıǵı, sonday-aq ilimiy basshısı menen ilimiy jumıs islep atırǵanlıǵı hám de baspadan ilimiy miynetleri shıqqanlıǵı atap ótildi.

Bunnan soń komissiya baslıǵı, b.i.f.d. (PhD) doc. A.Berdibaev juwmaqlawshı pikirlerin esittirdi. Juwmaǵında talabanlardan Arepbaeva Feruza Arepbaevnanıń sáwbet barısındaǵı sorawlarǵa anıq hám tolıq juwap bergenligin hám islep atırǵan ilimiy jumısların inabatqa alıp, 03.00.06 – «Zoologiya» qánigeligi boyınsha stajyor - izleniwshilikke qabıllaw ushın talaban F.Arepbaevanıń kandidaturasın usınǵanlıǵın aytıp ótti.

Kún tártibindegi másele boyınsha bildiriw hám shıǵıp sóylewlerden soń

**Qarar etedi:**

1. Ájiniyaz atındaǵı NMPI stajyor - izleniwshilikke 2025-jıl ushın 03.00.06 – «Zoologiya» qánigeligi boyınsha óz hújjetlerin tapsırǵan talaban F.A.Arepbaeva sáwbetlesiw barısında óziniń teoriyalıq biliminiń hám ilimiy-dóretiwshilik qábiletiniń joqarılıǵın kórsetkenligi atap ótilsin;

2. Ájiniyaz atındaǵı NMPI Ilimiy bólimnen, sáwbetlesiwdi ótkergen komissiya quramınıń bildiriwi, talaban F.A.Arepbaevanı 03.00.06 – «Zoologiya» qánigeligi boyınsha stajyor-izleniwshilikke qabıllaw usınıs etilsin;

3. Ájiniyaz atındaǵı NMPI Ilimiy bóliminen bul usınıstıń orınlanıwı boyınsha qarar qabıl etiwi soralsın.

| | |
|---|---|
| **Komissiya baslıǵı:** | **A.Berdibaev** |
| **Komissiya aǵzası:** | **A.Saparov** |
| | **M.Tadjibaeva** |
| **Xatker:** | **A.Turekeeva** |